



# 5 Bagay Ou Bezwen Konnen Pwoteksyon kont Diskriminasyon oswa Pèsekisyon nan Kote ki Sèvi Piblik poutèt Idantite oswa Prezantasyon kòm Gason oubyen Fi

- 1 **Lwa Noujèze kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination, oswa LAD) defann fè diskriminasyon oswa pèsekite moun nan kote ki sèvi piblik** (ki se kote ki louvri pou piblik la, tankou biznis, restoran, lekòl, kan ete, lopital, klinik doktè, ak ajans gouvènman) poutèt idantite oswa prezantasyon kòm gason oubyen fi, kit se vre, kit sa soti nan pèsepsyon, tankou lè yon moun se yon transjann, oswa li pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi, oswa li pa konfòmis kòm gason oubyen fi, oswa lè moun lan parèt konsa.
- 2 **LAD defann kote ki sèvi piblik la refize yon moun tretman konplè oubyen egal pou patisipasyon, avantaj, lokal, privilèj, oswa sèvis poutèt idantite oswa prezantasyon li kòm gason oubyen fi.** Kidonk, kote ki sèvi piblik pa dwe trete yon moun yon lòt jan, ni refize resevwa, oswa trete, oswa sèvi yon moun paske li se yon transjann, oswa li pa gade tèt li kòm gason ni kòm fi, oswa li pa konfòmis kòm gason oubyen fi. Pa egzanp, yon lopital oswa yon klinik doktè pa gen dwa refize swen, ni pran reta nan tretman yon pasyan potansyèl sèlman paske li se yon transjann. Epitou, lè yon lopital ap mete yon pasyan nan yon chanm kòm gason oubyen fi, li dwe fè sa dapre idantite oswa prezantasyon moun lan kòm gason oubyen fi.
- 3 **LAD defann yon kote ki sèvi piblik la tou pou li pèmèt yo pèsekite kliyan, etidyan, sipòtè, oswa pasyan poutèt idantite oswa prezantasyon yo kòm gason oubyen fi** nan yon jan ki lakòz yon anbyans ostil. Pa egzanp, direksyon yon lekòl pa gen dwa refize pran aksyon si yo konnen oswa ta dwe konnen gen yon elèv ki gen lòt elèv k ap pèsekite, oswa joure, oswa rele li move non tout tan paske li se yon transjann.
- 4 **LAD vle pou yo trete moun dapre idantite yo kòm gason oubyen fi.** Nan pami lòt bagay, moun ki transjann yo dwe kapab sèvi avèk twalèt oswa chanje chanm dapre idantite oswa prezantasyon yo kòm gason oubyen fi. Yo gen dwa mande tou pou moun rele yo dapre non, tit, ak pwonon yo chwazi pou tèt yo. Yo pa bezwen montre okenn "prèv" patikilye pou sèks yo, pou yo ka sèvi avèk dwa sa yo.
- 5 **Yon kote ki sèvi piblik pa gen dwa fè vanjans kont yon moun paske moun lan sèvi, oswa eseye sèvi avèk dwa sa yo oswa lòt dwa LAD rekonnèt.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote yon plent, ale nan adrès [NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov) oswa rele nan nimewo **1.833.NJDCR4U**



NJ Office of the Attorney General

[NJCivilRights.gov](https://www.njcivilrights.gov)



**DIVISION ON**  
**NJ CIVIL RIGHTS**  
@CivilRightsNJ #CivilRightsNJ #StandUpAgainstHate



02/25/21